Заявка

на участие в республиканском конкурсе сочинений

« Знатоки родного языка и духовной культуры народа»

ФИО участника конкурса: Понежева Анжела Олеговна

Класс, в котором обучается участник конкурса: 8А

Номинация конкурсной работы: сочинение на темы конкурса на родном (кабардино –черкесском) языке

Язык конкурсной работы: кабардино-черкесский

Почтовый адрес участника конкурса (с индексом):361303 Урванский район, с.п. Псыкод, улица Молодежная, 21

Электронная почта участника Конкурса: -

Контактный телефон участника Конкурса ( родителей, законных представителей): 89627725223

Полное название образовательной организации, где обучается участник Конкурса: Муниципальное казенное образовательное учреждение « Средняя общеобразовательная школа» сельского поселения Псыкод

Почтовый адрес ( с индексом) образовательной организации, в которой обучается участник Конкурса: 361303, с.п. Псыкод, улица Ленина,1

Электронная почта образовательной организации, в которой обучается участник Конкурса: sochpsikod@mail.ru

ФИО педагога, подготовившего участника к Конкурсу: Танашева Марина Хусеновна

Контактный телефон педагога, подготовившего участника: 89064838182

Фамилия ,имя,отчество участника: Понежева Анжела Олеговна
Контакты (тел., e-mail) 89627725223
Класс: 8А
Район: Урванский
Образовательная организация: МКОУ СОШ с.п. Псыкод
Номинация сочинения: сочинение на темы конкурса на родном (кабардино-черкесском) языке
Язык сочинения: кабардино-черкесский
Жанр сочинения: эссе
Тематическое направление конкурсной работы : « Бессмертие народа-в его языке»: посвящение Международному десятилетию детства в России (2022-2032гг.)
Тема сочинения: Сызэрыадыгэм срогушхуэ
ФИО педагога: Танашева Марина Хусеновна
Контакты педагога(тел., e-mail):  8 9064838182
marina.tanasheva64@mail.ru

Сочиненэ

Сызэрыадыгэм срогушхуэ

Лъэпкъым и псэр и бзэрщ

Дунейм лъэпкъ куэд тетщ . Лъэпкъ къэс яIэщ езым я тхыдэ, хабзэ,я бзэ.Сэ сыадыгэщ. Сыт уадыгэным къикIыр?

Сэ сыхуейт си адыгэ лъэпкъым и хабзэм, и бзэм сытепсэлъыхьыну. Сигуми си псэми зигъэнщIкъым, си лъэпкъ дахэм сытепсэлъыхьыху. Лъэпкъыр лъэпкъщ жыпIэ хъунущ, и бзэ иIэмэ. Бзэр лъэпкъым и псэщ, и Iэщэщ, лъэпкъым и нэщэнэ мыкIуэдыжхэм и зехьакIуэщ. Дунейм зэрызиужьым ещхьыркъабзэу бзэми зеужь.Ди бзэри йофIакIуэ.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, ди лъэпкъыбзэр тхъумэжынымкIэ Iэмал куэд щыIэщ: зэпымыууэ абы кIэлъыплъын, сыт хуэдизкIи хуэсакъыу хъумэн,хамэбзэ псалъэхэр нэхъ мащIэу къэгъэсэбэпын, унагъуэм адыгэбзэкIэ дыщызэпсэлъэн. СыткIэ нэхъ Iей дэ ди бзэм и псалъэхэр? Сэ си жагъуэ мэхъу хамэбзэ псалъэкIэ тха фIэщыгъэхэр дэнэкIи щыщыслъагъукIэ.Ар емыкIу къудейм къыщынэркъым. Абы къикIыр уи бзэм пщIэ хуомыщIуращ. Уи бзэр фIыуэ пщIэмэ,сэ си гугъэщ, уи лъэпкъым и хабзэри, нэмысри пIыгъыфыну.

Адыгэ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIыу, гъащIэм и лъэныкъуэ псори ираубзыхуу хабзэ дахэ, къулей иIэщ. Сэ сызэригугъэмкIэ, адыгэ хабзэр адыгэр дунейм къыщытехьам щыгъуэ къежьащ. Адыгэхэм я гъащIэм, я псэукIэм зихъуэжыхукIэ , я хабзэми зихъуэжащ. Сэ си фIэщ хъуркъым , ди хабзэ дахэм темытхыхьа щIэныгъэлI куэд щыIэу. Адыгэхэм я хабзэхэр, я псэукIэр зыджа инджылыз зыплъыхьакIуэ, щIэныгъэлI Джеймс Iэлд мыпхуэдэу итхыжауэ щытащ: « Сэ сыщыгъуазэкъым адыгэхэм нэхърэ нэхъ хабзэшхуэ,нэхъ хабзэ дахэ зезыхьэ лъэпкъ щыIэу.»

Адыгэм гулъытэшхуэ хуещI нэхъыжьым, адэ-анэм пщIэ хуэщIыным. Зы лъэпкъи щыIэу си фIэщ хъуркъым адыгэхэм хуэдэу хьэщIэм пщIэшхуэ хуэзыщI, зи лъэпкъ хабзэхэр хуэсакъыу зыхъумэ.

Иджыблагъэ, жэпуэгъуэм и 27-м, ди еджапIэм щекIуэкIащ гуфIэгъуэ махуэшхуэ. Ар зытеухуауэ щытар ди къуажэр илъэсиI00 зэрырикъуарщ. Сэри си гуапэу сыхэтащ а зэIущIэ дахэм. Сыт и лъэныкъуэкIи ар дахэу, зэкIэлъыкIуэу екIуэкIынымкIэ я гуащIэ халъхьащ ди егъэджакIуэхэми,къуажэдэсхэми,еджакIуэхэми. Ди еджапIэм и пщIантIэм лъэпкъыхым я хьэщIэщхэр къыщызэрагъэпэщащ. Лъэпкъхэм я тхыдэм техуауэ куэд къэтщIащ.Апхуэдэу кхъуейплъыжькIэрыщIэр хабзэм тету екIуэкIащ. Псоми я нэгу нэсу зиужьащ. Махуэшхуэр гуапэу,хуабэу екIуэкIащ. Адыгэбзэр дахэу щыIуащ мы зэIущIэм. Зэи тщымыгъупщэжын, ди гум хуабэу илъын куэд тлъэгъуащ. Ди хабзэм, ди зэхэтыкIэ дахэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд зэхэтхащ, тлъэгъуащ. Дызэрыадыгэм дримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым . Сыт и уасэт а махуэм адыгэ фащэр зыщыгъхэм, утыкум дахэу къыщыфэхэм, уэрэд жызыIэхэм , адыгэбзэр зыгъэшэрыуэхэм уригушхуэну! Шууей тIощI , адыгэ фащэхэр ящыгъыу, адыгэ ныпыр яIыгъыу ди еджапIэм къыщыдыхьам щыгъуэ, дэ хуабжьу дызэрыадыгэм дригушхуащ.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, бзэм, хабзэм пщIэ хуэзымыщIхэми дрохьэлIэ. Ар уи жагъуэ мэхъу. Сэ сыхуейщ дэтхэнэ адыгэми и бзэм пщIэ хуищIыну, ар зэрихъумэным хущIэкъуну, ди лъэпкъым и хабзэ дахэхэр, дуней псом дыкъызэращIэр, яхъумэну.ЦIыхур зыгъэдахэр и хьэл-щэнырщ, лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр и бзэрщ. Сыхуейщ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми ди анэдэлъхубзэр щыIуну. Ди бзэр, ди хабзэр хъумэжыным псори дыхущIэкъуну.

Псоми ар ди гум илъу дыпсэумэ, хъума хъунущ бзэри, хабзэри.

ФIыуэ дывгъэлъагъу, дывгъэхъумэж ди лъэпкъым и нэщэнэ уасэ зимыIэхэр!